# ASESMEN SUMATIF AKHIR TAHUN (ASAT)
# SEKOLAH DASAR (SD)
# TAHUN PELAJARAN 2023/2024

| Tanda Tangan | | Mata Pelajaran<br>Bahasa Sunda<br>(Unit/Bab 7 dan 8 ) | Nilai |
|---|---|---|---|
| Guru | Orang Tua | Hari, Tanggal : ..........................................<br>Waktu : 90 Menit | |
| ...................... | ...................... | Nama : ..........................................<br>Kelas / Semester : IV (Empat) / Genap<br>Nomor Tes : .......................................... | |

**I. Berilah tanda silang (X) pada huruf A, B, C, atau D di depan jawaban yang paling tepat!**

**Lalamunan**
Rumpaka karya MangKoko

Mun pareng abdi nincak dewasa
Bade nganbantu rukun tetangga
Gotong royong tur sabilulungan
Trong-trong-trong! Sora kohkol ngelingan

Mun abdi pareng nincak dewasa
Hoyong laksana jadi tantara
Ngusir musuh nu rek niat jail
Dor-dor-dor musuh paeh dibadilan

Mun pareng abdi jadi nu kaya
Moal nyaah ka dunyabarana
Pakir miskin nu katalangsara
Sok-sok-sok rek dibagi walatra

1. Naon judul kawih karya mang Koko diluhur
   A. Cita-cita
   B. Gotong-royong
   C. Lalamunan
   D. Nincak Dewasa
2. Kudu kumaha urang ngabantu rukun tatangga teh?
   A. sewang-sewang
   B. ngusir musuh
   C. gotong-royong
   D. antep-karep.
3. Saha nu rek diusir?
   A. tatangga
   B. tantara
   C. musuh
   D, pakir-miskin
4. Jalma nu teu boga cita-cita mah ibarat ... nu teu boga jangjang
   A. kuda
   B.manuk.
   C. kadal
   D. oray
5. ... ka sakola kana sapédah.
   A. Angkat
   B. Mios.
   C. Mulih
   D. Indit
6. Sépakan ... ti juru lapangan melentung kana gawang.
   A. kornel
   B. tendangan gawang
   C offset
   D. pinalti



LIVEWORKSHEETS

7. Ari dina badminton mah.kok téh ditepak ku….

A.bet B. kaleng C. raket D. piring

8. Cép Agus nyépak ... kana gawang nepi ka asupna.

A. kok B. pingpong C. bal volley D. bal

Bumetah

Imah Rudi aya di sisi jalan gedé. Nyanghareup ka wétan. Ku batur mah sok disarebut diskotik. Enya singgetan tina di sisi kota saeutik. Cicing téh di kampung lain di kota lain. Ayana tengah-tengah, antara kampung jeung kota. Disebut tengah-tengah téh, ka kota deukeut tapi aya di sisi lembur.

Mun isuk-isuk, cahaya panon poé nyorot pisan ka imah Rudi. Cenah mah alus keur kaséhatan sabab cahaya panonpoé téh ngandung vitamin D. Tukangeun imah Rudi aya sawah, paréna keur sedeng beukah. Kaitung lega sawah téh da mun keur usum panén téh nu ngarala paré kacida réana. Lain urang dinya wungkul, tapi aya ogé nu daratang ti kampung tatangga deuih

9. Numutkeun bacaan di luhur nu alus pikeun kaséhatan nya éta ....

A. vitamin D B. paré nu beukah

C. cahaya panonpoé D. lauk emas

10. Lembur Rudi mah hawana masih kénéh beresih jadi matak ....

A. pikasediheun B. pikabetaheun

C. pikasebeleun D. pikamelangeun

11. Nu kaasup kana kalimah paréntah nya éta …

A. Jang, ulah sok miceun runtah di mana waé.

B. Urang kedah tumut kana sagala paréntah sepuh.

C. Didin, pangmiceunkeun runtah kana tong!

D. Saha nu miceun runtah kamana waé téh?

12. Lauk nu sok diparaban ku Rudi ayana di ....

A. sawah tukangeun imah

B. balong deukeut sawah

C. walungan tukangeun masjid

D. pasar deukeut alun-alun

13. Bédana empal gentong jeung empal asem nya éta ....

A. empal gentong mah bumbuna maké asem jawa

B. empal asem mah teu diasupkeun kana gentong

C. empal gentong mah teu maké asem jawa

D. empal asem mah bahan dasarna tina asem jawa

14. Bapa nuju …liwet.

A. ngahakan B. tuang C. nyatuan D. dahar

15. Hayam keur… parab dijero paranje.

A. dahar B.ngahakan C. macokan. D. dahar

LIVEWORKSHEETS

II. **Berilah tanda centang (√) pada pernyataan yang tepat dan tanda silang (X) pada pernyataan yang tidak tepat!**

Imahna téh imah panggung. Suhunanana ditutupan ku kenténg taneuh. Gigirna ditutupan ku bilik. Di hareupna aya pantoan hiji. Di éta imah aya dua kamer. Kamer tukang paranti indung jeung bapana. Ari di kamar hareup paranti anakna. Beulah tukangna aya pawon. Masakna masih ngagunakeun hawu. Jadi, can aya kompor. Keur ngahurungkeun hawu, sok make suluh garing. Imah téh nyanghareup ka kalér. Di hareupeunana aya jalan ronda. Masih kénéh dikoral ku batu.

16. ☐ Suhunannana ditutupan ku kenténg taneuh.
17. ☐ Di hareupna aya pantoan dua,
18. ☐ Beulah tukangna aya pawon
19. ☐ Masakna masih ngagunakeun hawu. Jadi, can aya gas
20. ☐ Di hareupeunana aya jalan ronda. Masih kénéh dikoral ku batu.

LIVEWORKSHEETS